


# M ap li nèt ale

Twazyèm edisyon

Premye  
ane



**USAID** | **AYITI**  
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale  
et de la Formation Professionnelle



# M ap li nèt ale

Twazyèm edisyon



Premye  
ane



# Remèsiman espesyal

Liv « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/Ayiti.

Nou vle remèsye espesyalman tout ekip teknisyen edikasyon yo, ki te planifye, ekri, revize leson yo liy pa liy. Nou vle site non yo la a menm si nou kab bliye kèk:

Aky Nicolas (DCQ, MENFP)

Allia Saget (Anseyan Senmak, MENFP)

Beatrix Florestal (DEF, MENFP)

Belotte Blood (EFACAP Senmak, MENFP)

Claude-Hebert Antoine Benoit (FONHEP)

Claudin Saint Jour (DEF, MENFP)

Claudine St Fleur (KOJEPENS)

Creoletrans Co.

Danise Jacob (Anseyan Wanament, MENFP)

Fabiola Lopez-Minatchy (USAID)

Hervé Jean-Charles (USAID)

Jerry Moise Rosenbert, Desinatè

Johnny Antoine (DCQ, MENFP)

Joseph Salomon Ceus (DEF, MENFP)

Josette Gaboton (Konsiltan, DEF/EPT-BM)

Jovany Vincent (Konsiltan, Edikatè)

Karina Suazo, Dactilograf

Kenly Pierrevil (DEF, MENFP)

Lemete Zephyr (Konsiltan, RTI)

Lionel Hugu (Konsiltan, RTI)

Loretta Garden (USAID)

Louisine (Vana) Edmond (LKM, Anseyan, Lagonav)

Marie Jeanne Leo Louis-Charles

(Espesyalis devlopman materyèl Kreyòl)

Marie Kerlyne Luc Louis (FONHEP)

Marlene Etienne (Petit Monde Kindergarten)

Michel DeGraff (MIT Lengwistik ak Filozofi)

Mitchel Mompremier, Desinatè

Nahomie Philippe (Anseyan Senmak, MENFP)

Reginald Calixte Brice (Konsiltan, Edikatè)

Renold Telfort, Direktè (DEF, MENFP)

Rivière Chery (EFACAP Wanament, MENFP)

Roseline Obel (LKM, Anseyan, Lagonav)

Save the Children, Haiti

Standley Kétan (Konsiltan, Edikatè)

Stéphanie-Ingrid Moléon (Konsiltan, Edikatè)

Volvick Germain Charles (DEF, MENFP)

Walph Ferentzi, Youyou (Konsiltan, Edikatè)

Wesline Ciceron (KOJEPENS)

Yves Dejean (Konsiltan, RTI)


# Sa ki nan liv la

Leson 1	a A	6	Leson 13	en En	46
Leson 2	l L	8	Leson 14	r R	48
Revizyon		10	Revizyon		50
Leson 3	i I	12	Leson 15	o O	52
Leson 4	p P	14	Leson 16	y Y	54
Revizyon		16	Revizyon		56
Leson 5	e E	18	Peryòd revizyon		
Leson 6	m M	20	ou Ou s S		58
Revizyon		22	è È k K		59
Leson 7	an An	24	en En r R		60
Leson 8	t T	26	o O y Y		61
Revizyon		28	Leson 17	n N	62
Peryòd revizyon			Leson 18	on On	64
a A l L		30	Revizyon		66
i I p P		31	Leson 19	w W	68
e E m M		32	Leson 20	ò Ò	70
an An t T		33	Revizyon		72
Leson 9	ou Ou	34	Leson 21	b B	74
Leson 10	s S	36	Leson 22	v V	76
Revizyon		38	Revizyon		78
Leson 11	è È	40	Leson 23	g G	80
Leson 12	k K	42	Leson 24	f F	82
Revizyon		44	Revizyon		84

## Sa ki nan liv la (kontinye)

Peryòd revizyon			Peryòd revizyon	
n N on On	86		d D j J	118
w W ò ò	87		ch Ch z Z	119
b B v V	88		wa wi we wo wen	120
g G f F	89		ye yan yon yi pr gr kr fr tr	121
Leson 25	d D	90	dl pl fl vl bl ay	
Leson 26	j J	92	any ouy	122
Revizyon		94	ui àn èn òn	123
Leson 27	ch Ch	96	Vizyalizasyon 1	124
Leson 28	z Z	98	Vizyalizasyon 2	126
Revizyon		100	Vizyalizasyon 3	128
Leson 29	wa wi we wo wen	102	Vizyalizasyon 4	130
Leson 30	ye yan yon yi	104	Vizyalizasyon 5	132
Revizyon		106	Vizyalizasyon 6	134
Leson 31	pr gr kr fr tr	108	Vizyalizasyon 7	136
Leson 32	dl pl fl vl bl	110	Vizyalizasyon 8	138
Revizyon		112	Vizyalizasyon 9	140
Leson 33	ay any ouy	114	Vizyalizasyon 10	142
Leson 34	ui àn èn òn	116	Vizyalizasyon 11	144
			Vizyalizasyon 12	146

a A



anana




asyèt



avyon







# Leson 2

# I L



lanp



lapli



liv



a



la al




ala Lala



Lala la.

Ala la.



# Revizyon



a A l L



a la al



ala Lala



Lala la a.

Lala



A ! Lala al la a.

# Leson 3

## i I



inifòm



pilon



izin



a A I L



al la a



li



ala Lala



Ali Lili Lila ala



Lili li.

Lila li.




p P



parapli



peny



pil



a A l L i I



li al



pa pip pil ap pi pla pli



Ali ala Lala Lila



lapli papa papi



Lala ap li.

Papa Lala li.



Lala ap li



Papa Lala la. Lala ap li.



# Revizyon

 a A l L i I p P

 pi ap pa li pal pil la al

 papa papi Lala Lili

 Lili pa la.

Lili



A ! Papa Lili pa la. Lili ap li.

# e E



elèv



elikoptè



a A l L i I p P



li la pa pi al ap pil pal



e pe le



apa papa papi pli lapli




Pele pile pale epi eple



Eli ap li.

Papa ap pale.



# m M



mab



men



moto



a A l L i I p P e E



li la pa pi pe ap pil pal



me mal mil mi ma plim lam lim



epi apa papa papi lapli





mele Meme Mama mimi



Papa Mama pile pil la.

Meme ale.



# Revizyon



A a l L i I p P e E m M



la lim mi plim me pe al mal pa pi




epi lapli mele Ameli



Ameli ap pale. Lila pe.




# Ameli




Ameli ap li. Manman l ap pale. Epi Papa l ap pile lam.

# an An



piman



mango



manman



l L i I p P e E m M



lim lam pla pli pe me ap pil



an lan pan manm



mimi Mama Meme epi papi lapli




manman elan anpil piman



Manmi ap pale.

Papi ap pile lam.



# Manman



Papi pale.

Manmi ale.

Pa ale manman!

t T



tiyo



tenis



tèt



i I p P e E m M an An



li la lan pi pa pe pan



te ti ta tan tant pant mant



papa manman pale anpil pile



tete piti tape pati pate mate



Matant Mata ap pile piman.

Lala ap pale. Matant li ap pile.

# Piman



Mita, mete piman an la. Mita mete li la.  
Epi Mita ale.



# Revizyon



i I p P e E m M an An t T



ap al la ta tan lan pan pli



manman papa mete mele pale pitit



Eli ap pale.

Tita ap pile piman.

# Ema ap li



Ema ap li. Eli ap pale. Ema li anpil.  
Eli pale anpil.

# Peryòd revizyon

a A I L

---

Lala la a.

---



Lila, al la a.



# Peryòd revizyon

i I p P

Pip papa Ali a pa la. Pil li a la.



Ali al pipi. L ap pipi la a.

# Peryòd revizyon

e E m M

---

Meme pile pip papa li a. Meme ale.

---



Lea ap li : « lam, lim, me, Meme, mimi ».

# Peryòd revizyon

an An t T

---

Elan ap tete. Papa l ap li.

---




Matant Lila plante anpil piman.

# ou Ou



kalalou



kawoutchou



poupe



p P e E m M an An t T



an nan ti te ta tan tant mant



ou out pou lou tou mou poul tout



manman manti mele



toutou Loulou moumou pouli  
toupatou alantou poupe




Ema mete poupe li a toupatou.


Manman Ema pile poupe Tita a.



s S



solèy



sak



sèt



p P e E an An t T ou Ou



ti tan tou tant tout pi pli plim



si sa sou sal tas se sis sant



mete mate manti matant anpil



sale soupe souse touse santi  
panse pouse



Toutous te sal anpil.

Loulou te pouse Toutous.

# Loulou ap pouse Toutous



Loulou ap pouse Toutous. Toutous sal anpil.  
Toutous, ou sal. Ale Toutous.

# Revizyon



m M an An t T ou Ou s S



mou me pous tan soup pat plis tit



Toutou lanmou pouse sante antou



Anita pouse poul la.

Plant lan pouse.



# Poul la toupatou



Poul sa a toupatou ! Matant Lila pouse poul la. Poul la sote sou plant lan. Pitit li, Anita, t ap li. Li pantan. Li pouse poul la tou.

# Leson 11

## è È



kè



tèt



sèt



m M an An t T ou Ou s S



tou tan tout sou sant sans sis



pè sè lè tè sèt lèt mè mè



manman pouse touse panse lanse



atè anlè pèmèt setè palè malè  
talè lasèt



Loulou mete tèt li anlè.

Loulou li anpil pou mè' la.

# Loulou ap li




Loulou ap li. Papa Loulou li pou li anpil.  
Sa pèmèt Loulou li epi eple anpil mo pou  
mèt la.


# k K



kann



kaye



kabrit



an An t T ou Ou s S è È



lè lèt mè mèt lan mant sèt pè



ka kè kous ak kan ke kat klas



manman mete mele anlè atè papa



Kati kale kase kepi pakèt  
makèt koulè tankou



Keti mete kepi Kati a sou tèt li.

Katya sal kepi Kati a.

# Kepi Kati a



Ki koulè kepi Kati a?

Kepi Kati a tankou kepi Lala a.

Kati ap mete kepi a sou tèt li.

# Revizyon



t T ou Ou s S è È k K



ka kè pè kas kat kle tèt sèt



malèt èske kepi pakèt make koulè



Leman ka kole sou metal.


Kati souke leman an.

# Leman Kati a




Leman ka kole sou kèk metal. Kati mete mamit la atè a. Lè li souke leman an, mamit la souke tou.


# en En



pen



nen



ensèk



t T ou Ou s S è È k K



ak ka ki ke kè kan kou kout



en senk men sen pen ten plen



make makèt pake pakèt kase kasèt



pèlen maten malen moulen ensèk  
penti tenten



Lakou sa a plen ensèk.

Maten an Aliks nan klas la.




# Aliks ak mèt la



Aliks pa pale anpil. Li koute mèt la. Lè l ap pale, li mete men li anlè. Mèt la kite li pale.

# r R



rat



rato



ri



ou Ou s S è È k K en En



ak ka kas kal men pen pens plen



ra rat rèl rès trè ren ran



tenten moulen maten tankou koule




rete rele rale rantre kouri  
ranmase renmen



Aliks renmen ri.

Lakou a plen ti katkat k ap kouri.

# Lakou pè Loulou a



Maten an, Alen pase pran Rita, Pola ak Pele.  
Tou lè kat ale nan lakou pè Loulou a. Alen ak  
Pele ap kouri toupatou. Pola ak Rita ap ri.  
Maten sa a, lakou a te enteresan.

# Revizyon



s S è È k K en En r R



en senk men rat rèl ri re ren ten




enskri antoure rete rantre maten



Makak pa ka pale.

Makak la kanpe sou pat li.

# Makak



Makak pa ka pale. Li ka kanpe sou 2 pat li.  
Men, lè makak ap kouri, li kouri sou kat pat.  
Makak renmen pitit li.

# Leson 15


o O



oslè



oto



towo



s S è È k K en En r R



rès rèl ren kès kan kou kle trè



lo po mo so ko



tankou paske rete kouri ansanm kite



oslè moto oto opa Okap Toto  
Lolo Soti



Toto pral Okap ak Papa li.


Toto tris, li pa ta renmen kite manman li.

# Polo pral Okap




Polo ak papa li prale Okap. Polo pral pase kat semèn ak matant Lolo. A ! Polo pare pou li ale. Polo pral okipe poul ak lapen pou matant li. Li pral moulen pitimi. A ! Polo prese pou li rantre Okap.

# y Y



yoyo



fèy



kay



è È k K en En r R o O



po lo mo ra rat ka kat pen



yo ye yè lay kay pay pye



oto poto moto rato bato mato



kokoye keyi peye apiye yoyo  
mouye kiyè tiyo



Youyou ak Miya renmen kokoye.

Dlo kokoye sa a dous anpil.




# Keyi kokoye




Youyou ale kay Miya. Yo keyi kat kokoye.  
Yo kale kokoye yo. Yo kite po kokoye yo atè  
a. Ti poul la t ap pase. Ti poul la pale ak yo  
konsa : — Ranmase po kokoye yo. Lakou a  
p ap rete sal !

# Revizyon

 è È k K en En r R o O y Y


 yo ye yè yanm kay rat ren ran rèl

 oslè yenyen mouye olye tiyo keyi

 Foumi, ravèt ak krikèt tout se ensèk.

Ensèk yo itil sou latè.

# Ensèk



Ensèk pase tout kote. Yo rete nan kay.  
Yo renmen monte sou plant. Yo konn pase  
kote ki sal tou. Atansyon ! Sa yo renmen se  
kay, plant epi tè. Anpil ensèk itil sou latè.

# Peryòd revizyon

ou Ou s S

---

Loulou t ap pile pitimi. Toutou te la tou.  
Toutou touse. Li sal Loulou.

---



Ameli plante patat. Patat la pouse anpil.  
Ameli pa soupe san patat.

# Peryòd revizyon

è È k K

Kati soupe a setè. Li renmen patat ak lèt.  
Lèt la ap pèmèt li rete an sante.



Kaliks koute lè tant Lamèsi pale ak li.  
Kaliks se kè Lamèsi.

# Peryòd revizyon

en En r R

---

Maten an, Alen al pare pèlen pou rat la.  
Rat la kouri. Rat la malen.

---



Mari ap prepare soup pen. Li plen li ak sèl.  
Manman li rele : « Men sa k pase soup la  
menm ? » Mari pa ka pale. Li santi li mare.

# Peryòd revizyon

o O y Y

---

Kay Polo a sou kote pye kokoye a. Polo keyi kèk kokoye. Li koupe tèt kokoye yo. Ala kokoye yo sikre !

---




Toma renmen tomat. Li plante pye tomat lakay li. Toma keyi tomat pou Morèl. Morèl remèsye Toma.

# n N



ne



nich



nat



k K en En r R o O y Y



yo yè ye po mo lo ren ra



nat nèt nan nanm ni nap nou nen



peyi keyi peye mayi mayo yoyo



nini nannan nennenn aprann  
marenn tann kann mennen



Nono renmen pate Nennenn Nini.

Nennenn Nini fè tout kalite pate.



# Nennenn Nini



Nini se marenn Nono. Nono rele li nennenn Nini. Nennenn Nini se patisyè. Nono prepare pat ak li pou tout kalite pate. Tout moun renmen pate nennenn Nini yo.

# on On



onz



kanson



mont



en En r R o O y Y n N



senk sis sèt trè pye nan nen



son yon pon konn non on kont



nannan teyat katye tann mennen



tonton monte kanson sonnen  
monte kontan kanton



Tout katye a renmen teyat Sonson.

Sonson ak Nana fè teyat ki komik.

# Teyat



Sonson ak Nana renmen teyat. Yo se aktè.  
Yon lè, yo te prepare yon pyès teyat pou tout  
katye a. Pyès la te komik. Tout moun kontan.

# Revizyon



r R o O y Y n N on On



on yon non pon moun kont konn



rakonte tonton malèt sonnen kriye



Yola pral pati ak manman li.


Yola ak manman li ap pote malèt yo.

# Yola pati



Maten an, Yola pa konnen kote pou li met kò li. Li ap pare malèt li. Manman li ap mennen li Miyami, kay matant li. Yola pa ka tann pou li rankontre matant li. Nan pita, Yola kontan pale ak matant li.

# w W



wòch



kwa



pwa



r R o O y Y n N on On



non ne nèt nat yè yon yo myèl



wi wo wa wou mwen lwen



kaye laye taye monte kontan



mawon wotè twotwa woule wout  
twonpe jwenn twalèt



Lè nou sou moto se wololoy.

Tout timoun renmen monte moto.

# Woule moto



Wololoy ! Ala kontan timoun yo kontan monte moto ! Wout swa, yo la ! Tout moun ki pral lwen, yo pran moto pou wout la ka pi kout. Ala renmen nou renmen moto !

# Leson 20

# ò Ò



wòb



zòrèy



kawòt



o O y Y n N on On w W



mwen lwen won wont wonn yon



wòl mòn tòl pèt kès kèl wòl



renmen solèy monte woule mawon



kowosòl twòp wòkèt aransò kawòt  
wòwòt tòtòt ankò




Anatòl renmen kowosòl anpil.

Kawòl pran kawòt Kasayòl la.



# Anatòl



Anatòl monte sou tòl pou l keyi yon kowosòl.  
Myèl pike tout kò l. Ton Pòl mennen Anatòl  
kay Kasayòl pou yo pran swen li. Kasayòl  
simen losyon sou tout kò Anatòl.

# Revizyon



y Y n N on On w W ò Ò



wo mòn wa won wont wout won



marye mesye voye kreye woule



Mimi renmen pwason anpil.

Moun renmen pwason tou.

# Pwason



Enòk renmen pwason anpil. Mimi li a renmen pwason tou. Lè li wè pwason, li fè « Myaw ! Myaw ! » Li konn tèlman kontan li pase tout kò li sou Enòk san rete.


# b B



bale



bannann



bourik



y Y n N on On w W ò Ò



pye nyès pwa nwa twa yanm



bo bèf bòt bòl bon ban byen bwa



kawòt marye esplike anana ranmase






bourik bannann bonswa bonè  
kabrit bwose brase benyen



Bèt yo se bwat sekrè malere.


Bèt yo itil nou anpil.

# Men bèt



Bè, bè. Men kabrit yo. Kwen, kwen.  
Men kana yo. Kòt, kòt. Men poul yo.  
Koukouyoukou. Men kòk yo. Yiyan, yiyan.  
Men bourik yo. Manman, manman, men bèt  
yo ap kouri nan lakou a.


v V



vaksen



volan



vonvon



n N on On w W ò Ò b B



bò bòl bat bal bwa pwa bo bon



vèt vè vo viv vit vwa ven vòl



bato balon boule bwete anbrase



veye vole verite valè avyon  
vaksen vakans



Vànya se vwazin Vonèl.

Vànya ak Vonèl renmen wè avyon.

# Vonèl renmen avyon



Vonèl se moun Bèlvi. Nan lokalite sa a, moun ka wè ayewopò Pòtoprens lan. Souvan, Vonèl ak Vànnya ap veve avyon k ap pran vòl. Apre sa, yo fè kòm si yo se pilòt. Tout rèv yo se pou yo vin pilòt tout bon.

# Revizyon



n N on On w W ò Ò b B v V



byen bon vòt vye vyann bwa vòl



biwo solèy larivyè kawòt lavabo



Bouki kontan telefòn nan.

Malis ak Bouki veye vonvon.



# Lavi nan Bèlvi



Bèna renmen al Bèlvi. Nan bouk sa a, kay yo bati ak anpil espas. Abitan yo elve bèt volay tankou poul ak kana. Yo konn vann bèt volay sa yo pou peye lekòl pitit yo. Bèt sa yo se kanè bank abitan yo.

# g G



gato



gèp



gita



on On w W ò Ò b B v V



boul bout bouk bonm vann vin



gòl gòj gen ge gè gèp gwo glas



maten lekòl polis polisye respekte



gran bagay gravye regle règleman  
gason goute



Gen polisye devan pòs polis la.

Gèlin renmen al lekòl.

# Sou wout lekòl la




Gèlin renmen al lekòl a pye. Sou tout wout la, li wè tout kalite kay : gwo kay ak ti kay. Gèlin wè tou grigri ak toutrèl k ap vole sou pyebwa yo. Lè l ap travèse lari a, li veye anwo ak anba. Papa li raple li tout tan :  
— Atansyon pa kapon !


# f F



fèy



fig



foumi



w W ò Ò b B v V g G



gen gwo gou vin vle bay bon wè



fè fò fa fi fab fèt fòl fil



genyen benyen vini ekri avèk



farin fete feblès fevriye fatra  
fanmi fasil fèmen



Foufoun ap fè fèt pou poupe li a.

Poupe Foufoun nan rele Felisya.

# Fèt poupe Foufoun nan



Foufoun ap fete fèt poupe li. Poupe a rele Felisya. Li fè yon gato labou. Li mete ti fèy ak ti flè sou li. Li rele timoun nan katye a vin fete avèk li. Yo rele : « Bòn fèt Felisya ! » Apre sa, Foufoun separe gato labou a. Li bay chak moun yon moso gato. Fèt la te bèl !

# Revizyon



ò Ò b B v V g G f F



gwo gen glas fè fo fa fi



gason goute gato bagay fanmi



Lakay grann Fifi a gen yon barik myèl.

Yon grenn myèl mòde Fifi nan figi.

# Gato myèl



Nan lakou kay Grann Fifi a, gen yon pye kalbas. Li plen myèl. Fifi ak Kamèn al pran gato myèl. Yo sèvi ak lafimen pou fè myèl yo vole. Men gen yon grenn myèl ki kole sou bra Fifi. Fifi tonbe tranble. Li ap rele. Kamèn retire myèl la. Fifi remèsye Kamèn. Yo kite myèl yo an repo.

# Peryòd revizyon

n N on On

---

Tonton Nono pote yon pantalon pou li.  
Nono kontan. Li mete pantalon li, l al kay  
marenn Nini.

---



Manno ak Nèlson se marasa. Yon maten,  
Manno ap souffri ak yon kolik. L ap kriye.  
Nèlson mennen Manno lopital. Mis Anit  
konsilte l. Li trete kolik la. Manno kontan.



# Peryòd revizyon

w W ò Ò

---

Nikòl ak Kawòl se sè. Nikòl renmen kawòt.  
Kawòl li menm se kowosòl li renmen.

---



Nan katye Moren, tout timoun renmen al  
kay Pè Milò. Li montre yo plante manyòk.  
Li montre yo monte pye kokoye. Li separe  
dous makòs ak yo. Li li istwa pou yo.  
Pè Milò renmen tout timoun.

# Peryòd revizyon

b B v V

Vonèl rele lapen li a Babinou. Babinou renmen fèy vèt ak kawòt. Kèk fwa, Vonèl ba li bètrav. Vonèl renmen Babinou.



Bip! Valyè tonbe. Li woule nan ravin nan. Bra l manke kase. Vwazen an vin pran l. Li mennen l nan sant sante a. Valyè rantre lakay li an byen.

# Peryòd revizyon

g G f F

---


Gari se yon ti gason bèl wotè. Grann li ba li yon flit pou fèt li. Li remèsye grann li. Li ale lekòl ak flit la. Sou lakou lekòl la, li fè flit la bay bon son. Tout timoun yo kontan.

---



Fanfan t ap file yon gwo kap. Magi fè yon flann. Li voye l sou fil kap Fanfan an. Epi li rale l vini sou li. Fanfan move kou kong. Lè Magi wè sa, li remèt li kap la san pale.


# d D



dan



drapo



domino



ò Ò b B v V g G f F



yon gou gen gwo fè flè bèl lòt



do de dam doub vid sid dwèt dans



fete goute bonbon abite gade gason



domino dodo desann devan dèyè  
dòmi demen deplase madam



Dani prale dodo.

Manman I di li: « Dòmi byen. »

# Bonswa manman



Bonswa manman, mwen te devan pòt la.

Bonswa manman, mwen te monte sou  
kabann nan.

Bonswa manman, mwen fatige.

Bonswa manman, mwen gen dodo.


Bonswa manman, mwen pral dòmi.

Bonswa manman, m a wè ou demen.

# j J



janm



joumou



jip



b B v V g G f F d D



wi fin vin bwè mèt tann dan tou



ja jan ji jou je jwe jwenn janm



matant anvan leve bonè benyen



manje janbe jamè jenou jape  
joumou ranje jounen



Tout lajounen jako ap repete sa li tande.

Janin di : « Pe la jako repèt. »

# Jako



Mimi di : — Myaw !

Jako repete : — Myaw !

Toutous jape : — Wouf, wouf !

Jako repete : — Wouf, wouf !

Granmè di : — Silans non jako.

Jako reponn : — Silans, silans !

# Revizyon



v V g G f F d D j J



de jwenn janm vid jwe dwèt jou



lajounen lajwa Mayisad kado samdi




Klodèt mete poul la nan kalòj la.

Samdi mwen fè jounen an nan sitadèl la.



# Mouton pa toujou dou



Sidon gen yon manman poul ak yon mouton. Yo viv tankou frè ak sè. Yon jou, pandan ti poul yo ap jwe nan jaden an, yon koulèv vin parèt. Li vle manje ti poul yo. Mouton an wè sa. Li di l : « Jodi a, ou p ap manje ti poul sa yo. Se vre mwen dou, men m ap defann yo jouk mayi mi. » Koulèv la panike. Li ale. Ti poul yo kontinye jwe.

# ch Ch



chat



chen



chemiz



v V g G f F d D j J



di bèl fè mwen nan gen yon pou



cho chat nich bouch chou chen



genyen jounen repete inifòm



cache peche kochon chapo  
chabon cheval cheni machann



Chilè etidye leson li chak jou.


Chilè chita nan chanm li.

# Aprè midi




Chak aprè midi, depi mwen soti lekòl, mwen genyen yon seri aktivite pou mwen fè : retire inifòm sou mwen, mete rad mwen nan sèsò. Aprè sa, mwen benyen epi mwen manje. Kounye a se moman ki pi enpòtan an ! Etidye leson mwen anvan li pi ta.


z Z



zaboka



zanno



zoranj



g G f F d D j J ch Ch



vann vyann pwa blan klòch jòn nwa



zo ze baz zèb zèl zanj zòn zen



reveye kòmanse machann machandiz



zanmi zile zouti zwazo zoranj  
kraze zaboka zòtèy



Machann nan vann ze, zaboka ak zoranj.

Mariz pa gen zanmi devan machandiz li.

# Size



Chak maten, a sizè, gen yon machann ki leve tout moun nan katye a. « Men mayi moulen, diri blan, zoranj, zaboka, men bèl pwa wouj, pwa nwa ! » Depi li fin pase, klòch legliz la sonnen: beng! beng! beng! Manman m leve m pou mwen prepare m pou m ale lekòl.

# Revizyon



f F d D j J ch Ch z Z



ze zo zèl zèb zen nich chat chen



zanmi zoranj zaboka zwazo kraze




Bouki ak Malis se de konpè.

Malis vann Bouki yon vye telefòn.


# Krik krak



Bouki achte yon telefòn selilè nan men Malis. Bouki kontan. Menm kote a, li telefone Boukinèt. O o ! Telefòn nan pa mache. Bouki fache. Kòm li grangou, li ale manje. Malis vin parèt. Li mande Bouki nan manje a. Bouki reponn li: « Se zo a ou merite ! Men mwen p ap rann mal pou mal ». Toulède chita ansanm, yo manje.



zwazo



pyebwa



f F d D j J ch Ch z Z



mwen bouch nich nan kann chak



mwa fwi gwo twòp jwenn vwal



semenn zanmi renmen samdi



zwazo pyebwa fwomaj nanpwen  
vwayaje wikenn nwaye siwèl



Tout timoun renmen samdi ak dimanch.

Timoun jwe anpil samdi ak dimanch.




# Samdi ak dimanch



Semenn nan gen sèt jou. Jou m pi renmen se samdi ak dimanch. Jou sa yo, mwen jwe anpil. Mwen konn pati al nan rak bwa ak zanmi mwen. Nou wè zwazo, nou monte pyebwa pou n al gade sa ki nan nich yo. Nou konn chèche fwi tankou zanmann, mango, siwèl. Nanpwen bon bagay tankou libète !

# ye yan yon yi



panye



lyon



f F d D j J ch Ch z Z



nou jou tou fèt vin mwa Nwèl chak



pye vye byen lyon pyon dyanm



pandan kantite kòmanse kanaval



janvye fevriye premye peryòd  
latriye avyon pyano nasyon



Premye janvye se jou endepandans Ayiti.


Ann Ayiti chak peryòd gen fèt pa yo.


# Fèt pandan ane a



Pandan ane a, nou fete yon kantite fèt pou chak peryòd. Nou kòmanse ak joudlan premye janvyè. Se jou endepandans nou tou. Apre sa, nan mwa fevriye ou mas nou gen kanaval ak rara. Fèt drapo ap rive an me. Epi gen yon latriye fèt patwonan pandan vakans yo. Fèt Nwèl ap vin fèmèn ane a nan mwa desanm.

# Revizyon

 mwen yo kò moun bèl bay yon kòb

 konbyen premye anyen pasyans

 Yon machann dwe gen anpil pasyans.

Achtè ak vandè dwe antann yo.

# Yon machann bannann



Lòt jou, Bòs Jera al achte bannann nan mache a. Lè li rive, li wè yon machann ki gen anpil bèl bannann. Li pwoche kote li. Li di machann nan : — Bonjour, konbyen pat bannann yo ? Machann nan reponn : — Pat la pou 60 goud. Bòs Jera sezi epi li di : — Tout kòb sa a ! Machann nan reponn : — Sa a se yon bon bannann ! Bòs Jera gade bannann nan. Li wè kòman li pral manje li ak yon bon sòs fwa di. Bòs Jera di machann nan : — M ap ba ou karann goud pou pat la. Konsa yo rive antann yo.


pr gr kr fr tr



krapo



traktè



krikèt



kò kòd sèl pye mòn yon mwen fè



frè gran grann krèm frèt krik krak



lonbrit plante sabliye trase kreyon




grandi prete kreyon frajil travay



Mwen renmen fanmi mwen anpil.

Tout fanmi mwen travèse gran lakou sa a.

# Fanmi mwen



Se manman mwen ak papa mwen ki fè m.  
Mwen viv ak fanmi manman m. Matant mwen  
se sè papa m. Grann mwen se manman  
manman m. Tonton mwen se frè manman  
m. Marenn mwen se makomè manman m.  
Parenn mwen se monkompè papa m. Nou tout  
rete nan menm lakou a. Kòd lonbrit mwen  
antere anba pye sabliye a. Nou se yon sèl  
kòt fanmi.

dl pl fl vl bl



flè



kay bèl lè tout bay wouj grip twa



flè dlo klas kle ble vle plas plis



devan wouze nenpòt renmen anpil



fleri choublak plante bliye klere  
bloke plenyen avril



Flè choublak renmen dlo.

Madanm nan ap wouze flè.




# Flè choublak




Choublak se yon bèl flè wouj. Li fleri nenpòt lè. Li leve tout kote. Devan kay grann mwen an gen twa ti pye choublak. Chak maten, li wouze yo. Pye choublak renmen dlo anpil. Depi ou wouze li, li fleri epi li bay bèl flè wouj. Yo fè te pou grip ak flè choublak.

# Revizyon

 krèm lèt pran sèl byen glas frèt

 glase apre prepare brase bouyi

 Krèm matant mwen an bon anpil.


Riko ap esplike Toto kouman yo fè krèm.

# Krèm glase




Pou w fè krèm glase se pou w pran yon lit lèt byen bouyi oswa lèt evapore. Mete sik, yon pense sèl, esans vani. Byen brase li. Apre sa, prepare sòbtyè a. Sòbtyè se yon moulen krèm. Li gen yon manivèl pou vire bòl la. Pou pi senp ou ka mete melanj lan nan frizè. Krèm frizè di. Krèm sòbtyè mou.

# ay any ouy



tay



lay



chany



yè swa youn chèch chak jen pre



kay chany chay pay lay bay tay



klere machin devan plenyen limyè




anyen papay panyen manyen  
bagay koukouy miray



Gen anpil koukouy nan raje sa a.

Koukouy yo vole lès wa sèlman.

# Koukouy




Aswè rive, koukouy yo klere tankou de ti limyè ki devan machin mesye Tatay la. Ti koukouy yo vole sou tout fèy, tout pay sèch. Yo konn kole sou tout bagay. Yè swa mwen wè youn sou pye papay ki devan kay la. M al manyen li, li vole al jwenn lòt yo. Limyè koukouy se bèl limyè.

ui àn èn òn



uit



chèn



kous goud dwèt bwè vann bò plen



uit nuit luil pàn zòn



tèlman kawoutchou glise pedale



bekàn uitan Lilyàn Simòn minui  
dizuit lannuit



Ivàn ak Simòn renmen monte bekàn.

Plen machann manje kuit nan lari a.

# Manje kuit



Gen yon komès ki popilè anpil nan peyi a jounen jodi a. Se metye machann manje kuit. Ou wè yo nan zòn lekòl, izin, ak bò mache. Gen manje ki bèl, ki gen bon gou, ki pa fèt ak anpil luil. Se koupe dwèt. Nan lari Pòtoprens, lajounen kou lannuit gen moun k ap vann manje. Gen ladan yo ki pa vann chè. Senkantuit goud ap ba ou manje vant plen. Apre sa, ou bwè yon bon ji papay pou vennsenk goud. Se sa nèt. Ou pa bezwen manje anyen ankò.

# Peryòd revizyon

d D j J

---

Dodo leve bonè. Li benyen. Li manje. Li bwè  
ji. Dodo bwose dan l. Apre sa l ale lekòl.

---



Jidit koupe yon joumou. Joumou an jòn.  
Dede limen fou a. Apre sa, yo mete joumou  
an bouyi nan yon bonm. Joumou an kuit.  
Yo manje li ak kè kontan.



# Peryòd revizyon

ch Ch z Z

---

Zilda gen yon chen ak yon chat. Li bay chen an anpil zo. Chen an kraze zo yo. Bouch chat la t ap koule dlo. Zilda wè sa, li ba l zaboka ak ze. Chat la fè myaw. Zanmi Zilda yo tonbe ri.

---



Mariz t ap manje yon kabich. Chelo mande l moso. Mariz pa ba li. Chelo sezi. Li di: « Ala chich ou chich ! » Chelo te gen de zoranj. Li bay Mariz youn. Mariz santi l jennen.

# Peryòd revizyon

wa wi we wo wen

---

Woje renmen zwazo anpil. Mwa pase Woje jwenn yon ti zwazo atè. Li pran ti zwazo a, l al mete l nan nich li. Ti zwazo a kontan. Li chante pou Woje.



Antwanèt se yon bèl ti madanm. Li vann kenkay. Chak maten li pwomennen machandiz li yo. Li gen anpil pasyans ak jantiyès. Ou pa bezwen gen gwo kòb pou ou achte nan men l. Antwanèt gen kliyan toupatou.

## Peryòd revizyon

ye yan yon yi pr gr kr fr tr

---

Kleyant renmen danse. Lòt jou, li abiye byen bwòdè.

Li pral nan fèt. Sou wout la, li keyi yon flè choublak.

Li mete l nan cheve l. Menm

kote a, yon bèl papiyon poze sou tèt li. Li di

Kleyant: « Montre m danse. » Se konsa,

Kleyant ak papiyon an tonbe danse.

---



Lòtjou, li te fè frèt anpil. Fenèl

tonbe tranble. Li gripe. Grann

Prima al prepare manje pou li.

Fenèl rete kouche. Men li pran sant yon kribich boukannen.

Menm kote a, li leve kanpe.

L al mande goute. Frenèl di grann Prima:

Kribich boukannen se remèd grip. Grann

Prima tonbe ri.




## Peryòd revizyon

dl pl fl vl bl ay any ouy

---

Yon maten, Fleran te vle fè travay nan kay la. L al pran dlo, li wouze flè. Apre sa li kuit yon gwo chodyè ble. Nan Pita, l al flannen sou plas la. Li bay blag ak Kleman. Kleman kontan.



Limyè a klere yan ! Timoun yo rele « Weee ! Yo bay kouran an. » Tout koukouy sispann vire won nan kay la. Kounye a gen limyè, se tou pa timoun yo pou yo fè laviwonn.



# Peryòd revizyon


ui àn èn òn

Kòmè Jàn se machann fritay. Lè lannuit rive, zòn nan pa gen pàn manje. Ak uit goud sèlman, ou ka rive kot kòmè Jàn. Bak fritay li anba ti mòn nan. Toujou plen jèn fi ak jèn gason ki vin achte. Yo pa janm rate fritay kòmè Jàn.




Simòn se yon ti fi uitan. Pou fèt li, ton Etyèn fè l kado yon bèl bekàn. Bekàn nan gen yon ti klaksòn. A ! Simòn kontan kado a. Menm moman li monte sou bekàn nan. Li fè de wonn nan lakou a. Aprè sa, li lave bekàn nan epi li mete l la.

# Vizyalizasyon 1

 tann kòd yo men di

 lakou bourik desann sachè makout

 Li ale nèt.

Yo wè manman yo.

# Manman n tounen



Manman al nan mache. Tout timoun ap tann li tounen. Y ap sote kòd nan lakou a. Woy ! Men bourik manman an ap ranni. Menm kote a, yo tout kouri al kontre li. Yo kontan, y ap di : — Manman pot bonbon, tololo ! Manman reponn : — Non, mwen pote vyann. Nou tout pral fè manje ansanm jodi a

## Vizyalizasyon 2

 ran fè ri zòn tout

 granmoun rakonte istwa dimanch

 Moun yo ri jis yo bouke.

Moun yo kanpe an ran.




# Gade yon sezisman




Ana, ala ti granmoun komik ! Li mete moun sou de ran bò lari a. Li rakonte istwa ki fè tout moun ri. Kè yo tout kontan. Tout sa k pase nan zòn nan tounen yon istwa. Yon dimanch apremidi, tout moun ap tann li. Anpil tan pase. Ana pa janm vini. O o! Ana fè aksidan. Tout moun chagren.

## Vizyalizasyon 3

 Iv rad sou van gwo

 Kannal pyebwa mezanmi toupatou

 Iv te ale sou bekàn.


Rad yo sal.


# Yon gwo van




Iv al benyen ak zanmi l yo nan kannal.  
Li mete rad li yo sou yon pyebwa. Mezanmi !  
Iv pa wè rad yo, lè l soti. Yo chache  
toupatou. Manman l ap tann li pou yo soti.  
Yon gwo kout van pase. Rad yo tonbe sou tèt  
li. Li kontan !

## Vizyalizasyon 4


 gen bò lè yo pa

 zwazo Vòltije eseye grenn malgre

 Jil rete bò wout la.


Ani konn lè.


# Yon zwazo malen



Chak maten, gen yon zwazo ki vòltije sou tout flè nan lakou lakay la. Li renmen poze sou yon branch bwa bò fenèt la. Yon lè, mwen anvi kenbe l. Mwen eseye kenbe l. A, li vole kou li tande bri pye m. M lage grenn diri atè a. Li poze atè a pou l beke grenn diri yo. Malgre sa, mwen pa rive pran li. Ala zwazo malen !

## Vizyalizasyon 5

 viv je janm bay liv

 reveye ankò azoumounou ouvè

 Pyewo ouvè pòt la.

Kriston toujou reveye byen bonè.

# Ivta, yon bon lektè



Ivta ap viv nan lakou Bouje. Li renmen li anpil. Jedi maten, Ivta reveye. Woy ! Li pa ka ouvè je l. Ivta tonbe kriye. Li panse li pa p janm ka li ankò. Manman li di l : « Se azoumounou ou genyen. » Li mete medikaman nan je Ivta. Ivta kontan, l al li nan liv « M ap li nèt ale. »

## Vizyalizasyon 6

 ri pat cho moun rele

 machann jwenn prepare rasanble

 Ranya ap ri.

Mwen manje yon bannann ak sòs aransò.




# Yon bon pate



Nan ri Gouman, gen yon machann pate yo rele Pyewo. Chak senkè dimaten, li leve pou l prepare pat pate a, aransò, ze ak pikliz. A sizè, li kòmanse fri pate. Tout moun rasanble. Y ap pale an menm tan : Yon pate aransò ! Yon pate ze ! Pyewo di : « Pa fè tèt mwen cho. Tout moun ap jwenn. »

## Vizyalizasyon 7


 pye lòt fre nan lavi

 zaboka toujou renmen chabon

 Nono ap keyi zaboka.

Jonas toujou al lekòl bonè.

# Pa koupe pyebwa



Nan lakou Trankil gen tout kalite pyebwa. Gen pye mango, kajou, zaboka, abriko ak lòt pyebwa ankò. Nan lakou a toujou gen bon lonbraj ak ti van fre k ap vante. Tout timoun renmen lakou a. Yo pa janm kite moun koupe pyebwa nan lakou a pou fè chabon, paske yo konnen koupe pyebwa detwi lavi.

## Vizyalizasyon 8

 pral tris bèl plis ka

 desanm imajine machin etidye reyisi

 Machin lan an pàn.

Elèv yo ap etidye leson yo.


# Toma pa gen kado



Mwa desanm rive. Toma kontan, li pral jwenn kado. Toma al pran kanè, li pa pase. Manman l di l, li p ap ba l kado. Toma tris, l ap kalkile ki bèl jwèt li ta pral jwenn, bèl ti machin ak balon. Depi lè a, Toma deside etidye pi plis pou l ka toujou pase.

## Vizyalizasyon 9

 ki mèt sou bra fè

 Kastò kontan pwoblèm gwonde  
konprann

 Nou kontan wè Jak.

Li fè cho.

# Kastò ak chat la



Kastò se yon chen blan ki toujou kontan wè mèt li. Li sote sou mèt li ak lang li pandye. Kastò fè jalouzi paske yon chat sou bra mèt li. Pwoblèm ! Kastò gwonde. Mèt li konprann. Li pase men sou tèt chen an. Li karese chen an.

# Vizyalizasyon 10

 wè vin bay fin kè

 lopital lodyans konnen kounye

 Jak bay Pòl di goud.

Pyè fin bwè dlo, li ale.



# Nan lopital la



Papa Rikado kouche sou kabann lopital.  
Rikado vin wè l. Yo bay lodyans. Rikado  
mande : « Ki lè w pral lakay ? » Papa a vin  
tris. Li di : « Mwen pa konnen pitit mwen. »  
Rikado pete kriye. Doktè a parèt li di : « Ou  
prale kounye a. » Lè yo fin peye, yo toulède  
kite lopital la ak kè kontan.

# Vizyalizasyon 11

 dat fèt te nan ba

 dekorasyon anbyans fofile vakabon

 Ana ale nan fèt kay Jòb.

Jòb te ba li yon kat.


# Fèt Fefe



Dat fèt Fefe rive. Manje, mizik, dekorasyon, anpil anbyans ! Yo te envite tout zanmi Fefe yo. Edi pa zanmi yo, men li fofile antre nan fèt la. Yo mande li : « Ou se yon zanmi Fefe ? » Fefe vin parèt, li di : « Nou mèt kite l antre ! »

## Vizyalizasyon 12

 se pa tèt bò an

 premye plakata Anatòl vwazen  
jwenn

 Pòl se te ti frè Ali.

Li pote chay sou tèt li.

# Bourik Rigo a



Se te premye fwa yon bourik chaje te bòzò konsa. Plakatap ! Plakatap ! Se konsa li te mache. Yon bon maten, Rigo pa wè bourik la. Rigo malad, konprès sou tèt li. Anatòl, vwazen Rigo, jwenn bourik la bò larivyè a. Rigo wè bourik la, menm moman an li geri.

# Pye zanmann



Pami tout pye bwa, se pye zanmann sa a mwen pi pito. Li bèl epi li bay bon lonbray. Mwen renmen manje zanmann. M konn chita anba pye zanmann nan pou mwen kase zanmann sèch. Mwen retire grenn nan pou m manje. Yo fè anpil bagay ak zanmann. Yo konn bouyi fèy la pou fè remèd. Yo fè konprès pou moun ki souffri tansyon. Epi yo fè bon tablèt ak grenn zanmann. Anpil timoun renmen manje tablèt zanmann. Pye zanmann ak grenn zanmann se de bèl kado lanati ban nou.





Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Jen 2014